

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Ieu skripsi judulna “Ajén Éstétika jeung Struktur Kasenian Kuda Bajir di Desa Hujungtiwu Kecamatan Panjalu pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di Kelas XII SMA”. Ieu panalungtikan nyoko kana perkara éstétika dina Kasenian Kuda Bajir. Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif kalayan téknik studi pustaka, observasi, wawancara, jeung dokuméntasi. Dina prosés panalungtikan kapanggih sababaraha hal di antarana: sajarah Kasenian Kuda Bajir, prak-prakan dina mintonkeun Kasenian Kuda Bajir, ajén éstétika nu nyangkaruk dina Kasenian Kuda Bajir, sarta matalikeun ajén éstétika nu nyangkaruk dina Kasenian Kuda Bajir pikeun alternatif bahan pangajaran maca artikel budaya di kelas XII SMA.

Kasenian Kuda Bajir ngadeg dina taun 1992, ieu kasenian mangrupa idé masarakat Dusun Néglasari Desa Hujungtiwu Kecamatan Panjalu Kabupaten Ciamis. Pungsi munggaran dina Kasenian Kuda Bajir nyaéta salaku karasmén pikeun ngareuah-reuah poé kamerdékaan sarta pikeun nyaritakeun lalampahan salasahiji ulama nu nyebarkeun agama Islam dina abad ka-16.

Husen salaku nu mitembeyan ngararancang Kasenian Kuda Bajir nyieun raga sarta pintonan Kasenian Kuda Bajir dumasar kana sajarah nyebarkeun agama Islam nu kungsi aya di Dusun Néglasari Desa Hujungtiwu. Anapon kecap bajir dipaké ku sabab para seniman nganggap yén taya deui kasenian di daérah Ciamis, hususna Panjalu anu ngagunakeun kuda. Ku kituna, ieu kasenian téh dianggap ngan aya hiji-hijina. Kuda nu dipaké dina ieu kasenian jumlahna kakara dua, aya nu jalu jeung nu danten. Nu jalu dianggapna gabug, sedengkeun nu danten dianggapna bajir sabab beuteungna gedé sarta teu bisa anakan, maksudna henteu munculna deui kasenian di daérah Ciamis nu pakakas utamana ngagunakeun kuda.

Prak-prakan dina mintonkeun Kasenian Kuda Bajir aya dua, nyaéta kagiatan saméméh pintonan jeung kagiatan nalika prak-prakan pintonan. Dina

kagiatan saméméh pintonan aya sababaraha hal anu dilaksanakeun nyaéta kagiatan ngararapih, tawasulan, jeung tatahar. Sedengkeun dina kagiatan nalika prak-prakan pintonan nyaéta aya papalayan, helaran, penca silat, atraksi, jeung hiburan. Dina mintonkeun Kasenian Kuda Bajir teu kaiket ku waktu, ieu kasenian téh bisa dilaksanakeun iraha waé. Bisa isuk-isuk, ti beurang, jeung ti peuting, tapi saupama Kuda Bajir dilaksanakeun ti peuting tara aya helaran. Helaran ogé teu dilaksanakeun saupama dina acara kawinan, biasana éta kagiatan téh sok diganti ku upacara adat. Lilana pintonan ogé henteu kapatok ku waktu, taya aturan nu ditangtukeun.

Ajén éstétika dina Kasenian Kuda Bajir ditilik tina unsur-unsur éstétis nu ngawengku raga kuda bajir, pakéan pamaén, waditra jeung sora, gerakan, jeung drama. Raga Kuda Bajir téh nyaéta tironan tina Kuda Rénggong, ditilik tina bahan-bahan nu dipaké dina raga kuda teu leupas tina tiori ajén murni, lantaran ayana seniman anu bisa ngadumaniskeun kaén buludur, injuk, jeung beusi nepi ka bisa ngahasilkeun kaéndahan dina raga kuda anu siga enyaan saupama ditilik ti kajauhan. Pakéan nu dipaké ku pamaén Kuda Bajir kalintang basajanna, nu penca silat maké baju hideung, calana hideung, iket, jeung beubeur. Béda jeung pamirig nu maké baju hideung, calana hideung, jeung iket. Rupa hideung nu dipaké boga maksud sangkan para pamaén aya simaan. Pakéan nu dipaké ku sindén nyaéta kabaya rupa beureum, nandakeun yén ayana kawani ti para pamaén. Rupa hideung jeung beureum di hijikeun sangkan ngahasilkeun kaéndahan jeung kakompakan antara sindén jeung pamirig katut para pamaén nu dianggap geus aya simaan jeung geus boga kawani. Kostum nu dipaké ku ulama sarwa bodas nu nandakeun kasucian jeung kahadéan, sedengkeun kostum rampog mah sarwa hideung anu nandakeun jalma nu sipatna goréng sarta jahat.

Ajén éstétis ogé katitén dina gerak nu aya dina Kasenian Kuda Bajir, nyaéta ayana parobahan tempat jeung posisi pamaén ngaliwatan gerak penca silat. Gerak igel dina Kasenian Kuda Bajir lolobana ngagunakeun gerakan penca silat, ampir sakabéh pintonan dibarengan ku ibing penca silat, iwal keur helaran jeung keur hiburan wungkul, dina atraksi ogé ngagunakeun gerakan-gerakan nu biasa dilakukeun ku kuda nyaéta nalika kuda leumpang, néjéh, jeung tanggah. Nalika helaran kuda biasana sok ngéncrak saperti Kuda Rénggong, saupama keur hiburan

kuda sok dikoncér sakahayang pamaénna. Dina musik, kaéndahanna bisa ditilik tina sora nu kaluar tina unggal waditra nu béda-béda tapi bisa harmonis sarta éndah kadéngéna. Waditra nu dipaké nyaéta kecrék, tarompét, kacapi. Jeung saperangkat gamelan nu ngawengku goong, kempul, kendang, kulantér, saron, jeung bonang. Kaéndahan ogé kasampak tina sora sindén jeung sora salausarang pamirig musik nalika adegan atraksi. Dina drama ajén murni katitén dina galur carita anu jelas sarta bisa dipikaharti ku uteuk manusa.

Ajén ékstra éstétis dina Kasenian Kuda Bajir kasampak tina unsur manusa salaku unsur poko dina ieu kasenian, salian ti éta aya deui unsur penting séjénna nyaéta alam jeung kuda. Dina Kasenian Kuda Bajir aya ogé ajén-inajén nu bisa dicangking boh ku panongton boh ku pamaén, di antarana nyaéta aya ajén atikan, ajén réligi, ajén sabilulungan, jeung ajén ékonomis.

Hasil panalungtikan ngeunaan Kasenian Kuda Bajir bisa dijadikeun salasahiji alternatif bahan pangajaran Basa jeung Sastra Sunda, hususna matéri ngeunaan budaya nyaéta “Maca Artikel Kabudayaan”. Matéri ngeunaan éstétika téh kaasup matéri nu rada kompléks. Jadi nu luyu pikeun nyangking pangajaran téh nyaéta siswa SMA kelas XII, aya dina pangajaran “Maca Artikel Kabudayaan”. Matéri ngeunaan ajén éstétika anu nyangkaruk dina Kasenian Kuda Bajir bisa dilarapkeun dina pangajaran maca artikel Kasenian Kuda Bajir nu luyu jeung KIKD.

## 5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil analisis data jeung kacindekan, aya sawatara rékoméndasi pikeun lajuning laku panalungtikan satuluyna, hususna maca artikel ngeunaan kasenian. Dipiharep ieu panalungtikan ngeuyeuban deui kana kajembaran kasenian tradisional nu aya di Jawa Barat. Hususna nyaéta Kasenian Kuda Bajir nu aya di Dusun Néglasari Desa Hujungtiwu Kacamatan Panjalu Kabupaten Ciamis. Sangkan ieu kasenian teu leungit, aya sababaraha rékoméndasi di antarana pikeun **Lembaga Kasenian** dipiharep bisa ngainvéntarisir kana budaya jeung seni, hususna kabudayaan nu aya di Tatar Sunda. **Guru** dipiharep bisa ngamangpaatkeun hasil panalungtikan nu luyu jeung Rencana Perencanaan Pembelajaran (RPP) nu aya dina BAB IV. **Mahasiswa** bisa ngayakeun deui panalungtikan dina Kasenian Kuda Bajir, sangkan bisa ngaguar hal-hal séjénna

dina garapan nu leuwih husus. **Masarakat umum** kudu bisa ngariksa jeung ngamumulé katut ngarajong Kasenian Kuda Bajir sangkan teu leungit.